



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU SANT JIMNASTIK AK KONDISYÒNMAN FIZIK PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 17 out 2020

Objektif

Yo te kreye Enstriksyon Pwozivwa sa a pou Sant Jimnastik ak Kondisyònman Fizik yo pandan Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la ("Enstriksyon Pwozivwa pou Sant Jimnastik ak Kondisyònman Fizik yo pou COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Gyms and Fitness Centers)) pou bay pwopriyetè/operatè sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo ak anplwaye, kontraktè yo, founisè yo ak kliyan yo prekosyon yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Konsèy sa a ap anvigè lendi 24 out 2020 pou sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo nan tout rejyon yo nan New York. Sepandan, chèf egzekitif konte yo ki andeyò Vil New York (sa vle di, egzekitif konte a, administratè a, manadjè a, oswa, si li fonksyone anba kò lejislatif ki eli, prezidan kò lejislatif sa a) oswa majistra nan Vil New York ka deside ranvwaye dat pou li anvigè nan jiridiksyon pa yo pou yon dat ilteryè, men nan oken ka li pa dwe pita pase mèkredi 2 septanm 2020. Yon fwa li anvigè enstalasyon sa yo ka re-ouvri dapre egzijans ki nan dokiman sa a; sepandan, chèf egzekitif konte yo ki andeyò Vil New York (sa vle di, egzekitif konte a, administratè a, manadjè a, oswa, si li fonksyone anba kò lejislatif ki eli, prezidan kò lejislatif sa a) oswa majistra nan Vil New York ka deside retire klas (kou) kondisyònman fizik ak klas akwatik an gwoup anndan kay nan jiridiksyon pa yo, sa k'ap ranvwaye re-ouvèti pa yo pou yon dat ilteryè. Konsèy sa yo aplike pou aktivite kondisyònman fizik ak etablisman yo, ki gen ladan, men pa limite, sant jimnastik ak kondisyònman fizik otonòm, otèl, rezidansyèl, ak biwo ak nan enstitisyon edikasyon siperyè, estidyo yoga/Pilat/barre, jimnaz bòks/kickboxing, kan antredman kondisyònman fizik, CrossFit oswa lòt bwat pliyometrik, ak lòt klas kondisyònman fizik an gwoup (egzanp, spinin, rame kannòt, danse). sant jimnastik ak kondisyònman fizik rezidansyèl ak otelye yo dwe gen anplwaye ki disponib pou asire konfòmite avèk konsèy sa a. Konsèy pwovizwa sa a sijè a chanje pliske Eta a pral travay sere ak depatman sante lokal yo pandan re-ouvèti inisyal la kòm yon faz pilòt pou kontwole konfòmite pwopriyetè/operatè sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo ak konsèy sa a, ki gen ladan enspeksyon, ak evalye kondisyon sante piblik la ki asosye ak sant jimnastik ak kondisyònman fizik, ki gen ladan nenpòt ki chanjman nan transmisyon COVID-19.

Aktivite espò ak aktivite lwazi k'ap fèt nan sant jimnastik oswa sant kondisyònman fizik yo dwe swiv direktiv ki dekri nan "[Konsèy Pwovizwa pou Espò ak Divètisman Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Sports and Recreation During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la; sepandan, si genyen nenpòt diferans nan egzijans yo, yo dwe aplike konsèy ki pi resan an. Operayon pisin nan nenpòt sant jimnastik oswa sant kondisyònman fizik dwe swiv direktiv ki dekri nan "[Konsèy Pwovizwa pou Pisin ak Tèren Aspèsyon Akwatik Rekreyatif Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Pools and Recreational Aquatic Spray Grounds During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la ; sepandan, si genyen nenpòt diferans nan egzijans yo, yo dwe aplike konsèy ki pi resan an. Magazen yo vann an detay yo ki asosye ak sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo dwe swiv direktiv ki dekri nan "[Konsèy Pwovizwa pou Aktivite Biznis ki Vann an Detay ki Esansyèl yo epi ki nan Faz II a Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Essential and Phase II Retail Business

Activities During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Restoran ak/oswa snak bar ki sitiye nan nenpòt sant jimnastik ak kondisyonman fizik dwe swiv enstwiksyon ki dekri nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Alimantè yo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Food Services During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Aktivite ki baze nan biwo yo dwe swiv konsèy ki dekri nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Travay Ki Baze nan Biwo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Office-Based Work During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Sant gadri ki sitiye nan nenpòt ki sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik dwe swiv direktiv ki dekri nan DOH a "[Konsèy Pwovizwa pou Pwogram Gadri ak kan Lajounen Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Child Care and Day Camp Programs During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH: la epi yo ka sèlman re-ouvri si yo satisfè nòm minimòm ki tabli nan konsèy la Direktiv sa yo pa aplike pou etablisman fòmasyon espò pwofesyonèl, ke "[Direktiv Pwovizwa pou Etablisman Fòmasyon Espò Pwofesyonèl Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Professional Sports Training Facilities During the COVID-19 Public Health Emergency) Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la adrese.

Konsèy sa yo se jis egzijans minimòm e pwopriyetè/operatè nenpòt sant jimnastik oswa kondisyonman fizik lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak sant jimnastik ak kondisyonman fizik yo. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt aktivite sant jimnastik ak kondisyonman fizik yo ak/oswa Plan Sekirite Sit.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#) (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 ma 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.6](#), ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis esansyèl yo, jan yo defini nan [rekòmandasyon Empire State Development Corporation \(ESD\)](#) yo, pa te gen restriksyon sou aktivite an pèsòn nan sou yo, men, sepandan, yo te resevwa lòd pou yo respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe yon anviwonman travay pwòp ak san danje DOH te pibliye yo, epi yo te ankouraje yo anpil pou yo kenbe mezi distans sosyal jan sa posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.16](#), ki te bay biznis esansyèl yo lòd pou yo bay anplwaye yo, ki prezan nan lye travay la, kachnen, gratis, pou yo itilize lè y an kontak dirèk avèk kliyan yo oswa avèk manm piblik la nan kad travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.17](#), ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen an ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.18](#), ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), ki otorize dirijan/pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pwogresif pou re-ouvè endistri ak biznis yo nan New York an faz baze sou analiz done rejyonal. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te prevwa analiz rejyonal la t ap konsidere plizyè faktè sante piblik, sa gen ladan nouvo enfeksyon COVID-19, epitou sistèm swen medikal la, tèl dyagnostik yo, ak kapasite retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablodò alèt rapid k'ap gwoupe bann done eta a pou Nouyòkè yo, fonksyonè gouvènman yo, ak espesyalis yo pou kontwòl ak egzamine kijan yo limite viris la pou garanti yon re-ouvèti san danje. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan re-ouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen 2020 nan divès rejyon New York. Nan dat 24 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke plizyè rejyon nan eta a te sou pwèn pou antre nan katyèm faz re-ouvèti a apati 26 jen 2020. Nan dat 20 jiyè 2020, tout rejyon nan New York, ki gen ladan Vil New York, te rive nan katyèm faz re-ouvèti Eta a.

Mete sou nòm sa yo, biznis yo dwe kontinye konfòme ak konsèy epi prensip sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri pran nòt lè rekòmandasyon yo ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman rekòmandasyon Eta New York pibliye, se rekòmandasyon ki pi nouvo yo k ap aplike.

Estanda pou operasyon Sant Jimnastik ak Kondisyonman Fizik Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn sant jimnastik ak kondisyonman fizik ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta sa yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònmantral la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout sant jimnastik ak kondisyonman fizik yoki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifeye pa Eta a. Mèt/operatè aktivite/sant jimnastik ak kondisyonman fizik, oswa yon lòt pati mèt/eparatè a deziyen (kèlkeswa ka a, "Pati Responsab yo"), pral responsab respè nòm sa yo.

Direktiv sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke kapasite anndan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la limite epi li pa dwe plis pase 33% nan okipasyon oswa kapasite maksimòm pou yon zòn an patikilye jan yo etabli nan sètifika okipasyon an nan nenpòt ki moman, enkli anplwaye yo ak kliyan yo, yo dwe pèmèt tou antre nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la sèlman si yo:
 - pote yon kouvèti pou figi tout tan, depi ke anplwaye a oswa kliyan an gen plis pase 2 ane epi li kapab tolere medikalman kouvèti sa a.
 - Pou moun ki pa kapab tolere medikalman kouvèti vizaj ki akseptab, Pati Responsab yo dwe asire ke moun sa yo mete yon plak pwotèj figi tout tan. Sepandan, CDC a "pa rekòmande aktyèlman pou sèvi ak plak pwotèj figi kòm yon ranplase mask [ki sifizan]".

- acheve epi pase yon tès depistaj sante, jan sa dekri anba a nan paj 14 dapre Seksyon III: Pwosis, Souseksyon A: Depistaj ak Tès: ak
- siyen lè y'ap antre nan etablisman an (oswa anvan atravè kontwòl adistans), pandan y'ap bay tout non yo, adrès, ak nimewo telefòn pou itilize nan kad efò trasaj kontak yo.
 - Pwosis siyen an ka fèt atravè nenpòt ki mwayen ke Pati Responsab yo etabli pou kolekte enfòmasyon kontak ki pi wo a, ki gen ladan men pa limite a yon aplikasyon dijital, lektè kòd, lektè kat manyetik, ak/oswa fòm milè papye.
 - Pati Responsab yo dwe kenbe yon dosye done sinyati ki mansyone pi wo a pou yon peryòd minimòm 28 jou epi rann done sa yo disponib pou depatman sante eta a lokal yo sou demand.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yon distans pou pi piti sis pye kenbe pami moun yo, enkli anplwaye yo ak kliyan yo tout tan, sof si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (egzanp deplase yon ekipman, itilize yon asansè, patisipe nan yon ijans medikal). Aktivite debaz la PA aplike ak aktivite gèsis, ki dwe toujou pèmèt omwen sis pye distans ant moun yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe dekouraje egzèsis pwa lib gratis ki egzije yon asistan. Sepandan, si egzèsis sa yo rive fèt, yon anplwaye ki gen yon figi ki kouvri ta dwe disponib oswa kliyan an ki ap leve pwa yo ta dwe gen yon manm nan kay yo oswa yon pati ki mete yon kouvèti vizaj ki disponib sou plas. Nan de ka sa yo, yo ta dwe founi aistans lan nan mwens kantite tan posib (sa vle di, pa gen pèsistans oswa sosyalizasyon).
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout moun, enkli anplwaye ak kliyan yo, mete kouvèti vizaj ki akseptab tout tan, pandan yo nan sant jimnastik la oswa sant kondisyònman, sof si yo ap manje (egzanp nan yon zòn yo deziyen, tankou yon kafe ki separe ak zòn yo fè egzèsis la), bwè, oswa nan yon anviwònman akwatik (egzanp, pisin, douch endividyèl); depi ke yo gen plis pase de ane epi yo kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa a.
 - Pami kachnen ki akseptab pou COVID-19 gen kachnen an twal pou kouvri figi ak mask ki ka jete ki apwopyiye pou egzèsis ki kouvri ni bouch la ni nen an. Foula, buff, ak kachnen ak rad pa kouvèti vizaj akseptab pou itilize nan sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo.
 - Sepandan, kachnen an twal, dispozab, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, yo ta dwe kontinye itilize respiratè N95 oswa lòt Ekipman pou Pwoteksyon Pèsònèl ke yo konn itilize nan kad nòm endistri aktyèl yo, konfòmman a [lis enstriksyon OSHA yo](#).
 - Yo dwe aplike egzijans kouvèti vizaj la nan yon fason ki konsistan avèk Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (American with Disabilities Act, ADA) federal la ak Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Eta ak Vil New York, jan sa aplikab.
- Pati Responsab yo dwe modifiye itilizasyon, re-òganize, ak/oswa mete restriksyon sou kantite estasyon antredman ak ekipman egzèsis ki disponib (egzanp, ekipman kadyo, pwa lib, sik, tapi) pou moun yo ka plase a omwen sis pye apa nan tout direksyon (egzanp , kòt a kòt ak lè yo an an fas youn ak lòt) tout tan.
- Pati Responsab yo dwe asire moun yo pa pataje ekipman san yo pa netwaye ak dezenfeksyon apre chak itilizasyon.
- Lè distansyasyon an pa posib nan espas ki pa gen rapò ak antredman (egzanp biwo resepsyon), Pati ki responsab yo ta dwe drese yon baryè (egzanp mi pwoteksyon an plastik) nan zòn kote yo pa ta

afekte sikilasyon lè, chofaj, refwadisman, oswa vantilasyon, oswa ki prezante yon risk sante oswa yon risk sekirite.

- Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak direktiv OSHA yo.
- Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan rido an band, kabin, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas fèmèn (egzanp depo pandri yo, zòn kontwòl ekipman yo), pa plis pase yon moun an menm tan an, sòf si tout anplwaye nan espas sa yo an menm tan kouvri figi yo kòm sadwa. Sepandan, menm si yo itilize kouvèti vizaj pa dwe gen plis pase 33% kantite moun maksimòm nan espas la, sof si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo kapab elabore pwòp endikasyon pa yo espesyalman pou yon lye oswa kad travay, depi endikasyon sa yo ale avèk endikasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple moun pou l:
 - Rete lakay ou si yo malad.
 - Kouvwi nen yo ak bouch yo ak yon kouvèti vizaj tout tan, eksepte pandan y'ap manje, bwè, oswa nan yon anviwònman akwatik (egzanp, pisin, douch endividyèl).
 - Mete yo an karantèn si dènyèman yo te nan yon eta ki gen gwo transmisyon kominotè COVID-19, dapre avi vwayaj DOH la.
 - Byen sere, netwaye, epi, lè sa nesèsè, jete PPE.
 - Respekte enstriksyon sou distans fizik yo.
 - Rapòte sentòm oswa kontak avèk COVID-19, ak kijan yo dwe fè l.
 - Suiv rekòmandasyon yo pou ijyèn men ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
 - Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.
 - Netwaye ekipman ak sèvyèt dezenfektan anvan ak apre itilizasyon.

B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon anplwaye yo, nan sal poz yo, sal depo yo) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe konsidere itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstriksyon CDC pase nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans pa videyo oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo dwe fè reyinyon yo nan espas ouvè, byen ayere epi pran dispozisyon pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn ak lòt (paregzanp, si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo sote yon chèz).
- Pati Responsab yo dwe mete anplas metòd pou gen kont distans sosyal nan zòn ki piti yo, tankou vestyè yo, twalèt ak sal repo, epi yo dwe elabore endikasyon ak sistèm (paregzanp, make okipe) pou mete restriksyon sou kantite moun yo lè yo pa kapab kenbe distans sosyal nan zòn sa yo.
- Pati Responsab yo dwe fèmèn tout douch komen yo. Douch endividyèl yo ka rete ouvri, depi Pati Responsab yo asire yo netwaye ak dezenfekte yo ant chak itilizatè.

- Pati Responsab yo ka aplike pi bon pratik pou twalèt komen yo ki gen ladan men pa limite a:
 - enstalasyon baryè fizik ant twalèt yo ak lavabo yo, si sis pye separasyon an pa posib; ak
 - itilize distribitè savon ak papyè ijyenik san kontak otomatikman.
- Nan limit sa posib, Pati Responsab yo dwe repati orè yo pou jwè ak anplwaye yo kapab respekte distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou tout rasanbleman anplwaye (pa egzanzp, pandan poz kafe yo, repa yo, kòmansman/fen peryòd travay yo).

C. Aktivite sou Sit la

- Pati Responsab yo dwe kowòdone ak depatman sante lokal yo pou pwograme yon enspeksyon sou etablisman anvan, oswa ant 14 jou apre, ouvèti a. Depatman sante lokal yo dwe enspekte etablisman an pou asire konfòmite.
- Pati Responsab yo ta dwe aplike epi ankouraje itilizasyon randevou, rezèvasyon, ak/oswa kontwòl adistans, patikilyèman pou operasyon ki baze sou manm yo, kòm yon metòd pou asire konfòmite avèk restriksyon sou kantite moun yo.
- Pou klas kondisyonman fizik ak/oswa aktivite egzèsis ki enplike entèraksyon gwoup:
 - Yo ankouraje Pati Responsab yo, men yo pa egzije yo fè kou ak/oswa aktivite anplennè sa yo, nan limit ki posib.
 - Pati Responsab yo dwe itilize randevou, rezèvasyon, kontwòl adistans, ak/oswa enskripsyon davans pou kouyo ak pou espas yo.
 - Pati Responsab yo dwe limite kantite patisipan yo nan kou kondisyonman fizik yo oswa nan aktivite gwoup yo ki mwens ke:
 - (1) kantite moun ki espas la kapab akomode pou ke gen yon distans minimòm sis pye ant moun yo tout tan;
 - (2) 33% nan efektif tipik kou a (sa vle di, kite pòs, sik, oswa lòt ekipman vid); oswa
 - (3) kantite moun ke limit rasanbleman sosyal Eta a pèmèt pou rejyon kote sant jimnastik la oswa sant kondisyonman fizik la lokalize.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke moun yo, ki gen ladan enstriktè a (yo) ak kliyan yo, kenbe omwen sis pye distans ant youn ak lòt tout tan, ak pou yo mete kouvèti vizaj ki konsistan avèk egzijans ki endike anwo yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt ekipman (tankou machin yo, altè) yo netwaye ak dezenfekte yo ant itilizasyon pou chak moun diferan.
 - Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo pote pwòp ekipman pèsònèl yo (eg, tapi) ki gen non yo ki make sou ekipman sa yo, epi evite manyen ekipman yon lòt kliyan an.
- Pou kou egzèsis akwatik yo, Pati Responsab yo dwe asire ke:
 - kantite patisipan yo limite a mwens ke:
 - (1) kantite moun ke espas la kapab akomode pou ke gen yon distans minimòm sis pye ant moun yo;
 - (2) 33% nan efektif tipik kou a; oswa
 - (3) kantite moun ke limit rasanbleman sosyal Eta a pèmèt pou rejyon kote sant jimnastik la oswa sant kondisyonman fizik la lokalize:

- yo netwaye ak dezenfekte ekipman pataje apre chak itilizasyon; ak
- Yo swiv "[Konsèy Pwovizwa pou Pisin ak Tèren Aspèsyon Akwatik Rekreyatif Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Pools and Recreational Aquatic Spray Grounds During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la.
- Pou fòmasyon pèsonèl nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik, Pati Responsab yo dwe asire ke:
 - Kliyan yo ak antrenè yo dwe mete kouvèti vizaj tout tan:
 - Kliyan ak antrenè yo kenbe distans sis pye nan limit maksimòm posib, konsidere kontak okazyonèl, ak kontak brèf ki ka pi pre pase sis pye pou adrese yon risk sante oswa risk sekirite (eg, fè egzèsis, fòm oswa prestans kòrèk). Nan nenpòt ka, yo ta dwe mennen kontak sere sa a nan pi piti kantite tan posib (sa vle di, pa gen pèsistans oswa sosyalizasyon);
 - Kliyan ak antrenè yo dwe entèdi pataje atik pèsonèl yo youn ak lòt (eg, sèvyèt); ak
 - Kliyan ak antrenè yo dwe netwaye ak dezenfekte nenpòt ekipman pataje ant chak itilizasyon (egzanp, demonstrasyon yo).
- Pati Responsab yo dwe entèdi aktivite ki gen risk ki pi elve yo kote yo pa ka toujou evite kontak fizik (tankou, amasyal, bòks), epi yo ta dwe dekouraje ajisteman pratik nan klas yo (eg, yoga, Pilat), sof si sa nesèsè pou bese yon risk sante oswa yon risk sekirite. Pou plis enfòmasyon, gade "[Konsèy Pwovizwa pou Espò ak divètisman pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Sports and Recreation during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la sou nivo risk ki asosye avèk aktivite espesifik yo, ki nan moman piblikasyon an, limite aktivite ki gen plis risk yo pou yo fè "antredman endividyèl oswa an gwoup distanse ak antredman an gwoup san kontak/kontak fèb ki òganize".
- Pati Responsab yo ka chwazi mete anplas "orè" pou fè egzèsis kote moun yo enskri pou lè ki deziyen pou egzèsis, pou konstui ekip ki rete konsistan (sa vle di, menm gwoup moun nan fè egzèsis ansanm chak fwa).
- Pati ki responsab yo dwe fèmen ekipman yo, lè sa aplikab, tankou:
 - benwa, sona, ak chanm a vapè yo;
 - douch komen;
 - zòn komen pou chita anndan sant jimnastik ak sant kondisyonman fizik (eg, bankèt ki tou pre biwo resepsyon);
 - sous dlo (sepandan, estasyon ranplisaj boutèy dlo ka rete ouvri); ak
 - ba ak echnatyonè endepandan yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redui kontak ant moun ak rasanbleman, gras a metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè;
 - ajiste orè lye travay la;
 - ankouraje itilizasyon espas anplennè, kote li posib;
 - redwi mendèv ki sou plas la pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);

- Raple kliyan yo pou planifye woutin antredman yo davans pou diminye pèsistans;
 - mete an aplikasyon politik enskripsyon pou kliyan yo ka travay deyò pandan tan konsistan, espesifik yo pou ankouraje kòwòt;
 - devlope pwotokòl pou itilize ekipman biwo komen san danje tankou telefòn, machin fotokopi, enprimant, anrejistrez, elatriye; ak/oswa
 - entèdi itilizasyon ekipman pataje san yo pa netwaye ak dezenfeksyon yon fason apwopriye ant itilizasyon epi fèmèn depo ekipman yo.
- Pati ki responsab yo ta dwe ajiste èdtan operasyon yo jan sa nesèsè pou pèmèt pwosedi netwayaj ranfòse, dapre direktiv DOH, "[Direktiv Jeneral COVID19 pou Netwayaj ak Dezenfeksyon pou Anviwònman ki pa Sant Sante](#)" (COVID-19 General Guidance for Cleaning and Disinfecting for Non-Health Care Settings).

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe siveye ak kontwòle sikilasyon nan sant jimnastik ak kondisyonman fizik pou garanti:
 - respè egzijans yo sou kantite moun maksimòm ak distans sosyal; ak
 - tout moun, enkli anplwaye ak kliyan yo, siyen epi konplete yon tès depistaj sante.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, oswa nan lale ant ekipman jimnastik, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egzanp, pòs pou kòmanse travay/fin travay, pòs depistaj, sal repo, zòn kontwòl ekipman, espas kès, vetyè).
- Pati Responsab yo ta dwe endike byen klè antre ak sòti ki separe, kote sa posib.
- Pati Responsab yo dwe prepare yo pou mete kliyan yo nan liy deyò pandan y'ap toujou kenbe distans fizik enkli atravè itilizasyon siyal vizyèl ak/oswa aparèy pou kontwòle liy (egzanp, etanson, mak pou distanse liy, flèch).
- Pati Responsab yo ta dwe fè aranjman nan espas pou kliyan yo rete tann (egzanp, liy, espas paking) pou ogmante distans sosyal pami moun yo epi diminye entèraksyon ak lòt moun nan espas la.
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (eg, deziyen yon sòti pou moun yo k'ap kite sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la ak yon antre separe pou moun k'ap rantrè yo) ak mouvman yo (egzanp, anplwaye yo ta dwe rete tou pre estasyon yo toutotan sa posib).
 - Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe limite kantite antre yo pou (1) jere fliks sikilasyon k'ap antre nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik ak pou kontwòle limit okipasyon/kapasite ak (2) fasilite anrejistreman ak depistaj sante jan yo dekri anba a pandan y'ap rete an konfòmite ak règleman sou sekirite kont ensandi ak lòt règleman ki aplikab yo.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib
- Pou livrezon machandiz oswa ekipman, Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè a ka rete nan machin pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati

Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo PPE akseptab ki mache ak aktivite sa yo ki gen ladan l, minimòm, yon kouvèti vizaj ki fèt an twal san yo pa peye pou sa pou dire pwosesis livrezon an.

- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo pratike ijyèn men anvan ak apre yo transfere yon chay (paregzanp, ki sòti nan men yon chofè livrezon) machandiz (paregzanp pratike ijyèn men anvan yo kòmanse chaje atik; epi yon fwa ankò lè yo fin chaje tout atik yo, fini pa pratike ijyèn men ankò).
- Pati Responsab yo ta dwe aplike opsyon kontwòl ak pèman san kontak oswa opsyon peye davans pou kliyan yo itilize, lè sa disponib. Pati Responsab yo ta dwe diminye manyen lajan, kat kredi, kat manb, ak aparèy mobil, kote sa posib.

II. ESPAS YO

A. Sistèm Tretman Lè

- Pou etablisman ki gen sistèm lè santral, Pati Responsab yo dwe asire filtrasyon sistèm HVAC santral la reponn ak filtrasyon ki pi eleve ki konpatib ak sipò filtè a ak sistèm tretman lè ki aktyèlman enstale, o minimòm MERV-13, oswa ekivalan oswa pi plis a endistri a (egzanp, HEPA) , jan sa aplikab, ak jan sa sètifye ak dokimante pa yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York.
 - Pati Responsab yo ka konsidere tou pou adopte pwotokòl adisyonèl sou vantilasyon ak reduiksyon filtrasyon lè dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, patikilyèman pou batiman ki gen plis pase 15 ane, tankou:
 - Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè;
 - Ogmante to vantilasyon yo ak vantilasyon lè anplennè nan limit ki posib;
 - Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
 - Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre;
 - Ouvèti valv lè deyò yo pou diminye oswa elimine resiklaj nan limit ki posib;
 - sele bò filtè a pou limite pasaj;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo;
 - Ouvèti fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Pou enstalasyon ki gen sistèm tretman lè santral ki pa ka jere nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis), Pati Responsab yo dwe gen yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York ki sètifye epi dokimante ke sipò filtè a ak sistèm tretman lè ki aktyèlman enstale a pa ta kapab an mezi pou fonksyone nivo minimòm chofaj ak

refwadisman ke li te otreman kapab founi anvan ijans sante piblik COVID-19 la si yo te enstale yon degre filtrasyon elve konsa (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis). Anplis, Pati Responsab yo dwe konsève dokiman sa a pou ofisyèl depatman sante eta oswa lokal yo revize pou opere nan yon to filtrasyon ki pi piti, ideyalman MERV-11 oswa MERV-12, ak pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl.

- Anplis de sa, Pati Responsab yo ki gen etablisman ki gen yon sistèm tretman lè santral ki pa kapab satisfè yon to filtrasyon MERV-13 oswa pi plis dwe adopte pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, enkli:
 - Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè;
 - Ogmante to vantilasyon yo ak vantilasyon lè anplennè nan limit ki posib;
 - Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
 - Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre;
 - Ouvèti valv lè deyò yo pou diminye oswa elimine resiklaj nan limit ki posib;
 - sele bò filtè a pou limite pasaj;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo;
 - Ouvèti fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Pati Responsab ki gen enstalasyon ki pa gen sistèm tretman lè santral, oswa ki pa opere oswa otreman kontwole sistèm yo, dwe adopte pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, enkli:
 - Deplwaye pwodui netwayaj lè pòtab ki apwopriye (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere;
 - Regilyèman enspekte nenpòt sistèm vantilasyon chanm yo (egzanp, inite fenèt yo) pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo;
 - Kenbe nenpòt sistèm vantilasyon chanm yo an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
 - Etabli sistèm vantilasyon chanm pou maksimize konsomasyon lè fre, fikse vantilatè yo a vitès ki ba ak mete yo lwen okipan nan limit ki posib;
 - Ouvèti fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
 - Fikse nenpòt vantilatè plafon pou rale lè k'ap soti anlè a lwen okipan yo, si sa posib;
 - Priyòrite vantilatè fenèt yo pou evakye lè andedan an lè sa posib;
 - Evite sèvi avèk vantilatè ki sèlman resikle lè oswa sèlman soufle lè nan yon chanm san yo pa founi evakyasyon ki apwopriye; ak/oswa
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo.

B. Ekipman pwoteksyon

- Pati Responsab yo dwe asire ke y'ap sèlman pèmèt anplwaye ak kliyan yo antre nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab; depi ke, anplwaye oswa kliyan an gen plis pase de zan epi li kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa.
 - Pou moun ki pa kapab tolere medikalman kouvèti vizaj ki akseptab, Pati Responsab yo dwe asire ke moun sa yo mete yon plak pwotèj figi tout tan. Sepandan, [CDC](#) a "pa rekòmande aktyèlman pou sèvi ak plak pwotèj figi kòm yon ranplase mask [ki sifizan]".
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout moun, enkli anplwaye yo ak kliyan yo, kouvèti vizaj yo tout tan, ak eksepsyon sa yo:
 - Yo ka otorize moun yo retire kouvèti vizaj yo tanporèman pandan y'ap manje oswa bwè, toutotan yo kenbe distans sis pye ak lòt moun yo.
 - Yo pa ta dwe mete kouvèti vizaj nan anviwònman akwatik (egzanp, pisin, douch endividyèl).
- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab, epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj rezonab, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase, oswa pou si yon kliyan ta nan bezwen.
 - Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo), mask chirijik yo ak respiratè N95 yo ki apwopriye pou egzèsis. Foula, buff, ak kachnen ak rad pa kouvèti vizaj akseptab pou itilize nan sant jimnastik ak kondisyonman fizik yo.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte [konsèy CDC](#) a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite sa yo.
 - Pati Responsab yo dwe konseye anplwaye yo ak kliyan yo pou yo netwaye oswa ranplase kouvèti vizaj yo regilyèman si yo vin mouye oswa sal.
- Pati Responsab yo dwe otorize anplwaye yo sèvi avèk pwòp kachnen akseptab pa yo men yo pa kapab egzije pou anplwaye yo vini avèk pwòp kachnen pa yo. Anplis de sa, rekòmandasyon sa yo p ap anpeche anplwaye yo mete pwòp bagay anplis pa yo pou pwoteje tèt yo (paregzanp mask chirijikal, respiratè N95, oswa ekran pou figi), oswa si Pati Responsab yo egzije apa sa pou anplwaye yo mete plis PPE akòz nati travay yo. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe etabli mezi pou limite pataj objè, tankou zouti ansanm ak touche sifas moun pataje (san konte ekipman egzèsis yo), tankou kès anrejistrez; oswa, egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite a tout, kouvèti vizaj apworiye.

C. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire yo yo respekte egzijans netwayaj ak dezenfeksyon ak pwòpte yo jan CDC ak DOH mande l la ansanm ak "[Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfekte Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la](#)" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak pano "[KANPE PWOPAGASYON AN](#)" (STOP THE SPREAD) jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe journal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papye twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfekte men: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men disponib nan tout sant jimnastik oswa sant kondisyònman fizik yo pou anplwaye yo ak kliyan yo itilize (egzanp, nan antre, sòti, biwo randevou, akote estasyon antredman yo). Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan san kontak kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon toupre estasyon sanitayzè men yo ki endike ke men ki vizibleman sal yo ta dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan sant jimnastik oswa sant kondisyònman fizik la pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo pote pwòp ekipman yo (tankou, sèvyèt, tapi yoga, pwa a men ke yo itilize nan klas an gwoup yo), nan limit ki posib.
 - Pandan ke li se yon pi bon pratik pou fè kliyan yo pote pwòp sèvyèt yo, Pati Responsab yo ka bay kliyan yo sèvyèt ak fè sèvis lesiv, depi ke yo fè sa an akò avèk [konsèy CDC](#) a, ki gen ladan:
 - Lave atik yo dapre enstriksyon fabrikan an, pandan w'ap sèvi avèk reglaj dlo apwopriye ki pi cho a ak seche atik yo konplètman.
 - Mete gan ki ka jete lè ou ap manivre lesiv sal.
 - Pa souke lesiv ki sal.
 - Netwaye ak dezenfekte panye rad yo.
 - Retire gan yo, epi lave men ou imedyatman apre ou fin fè sèvis lesiv yo.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj ak dezenfeksyon regilye nan sant jimnastik oswa sant kondisyònman fizik la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt souvan nan tout èdtan operasyon yo ak chak fwa sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye oswa kliyan yo netwaye ak dezenfekte ekipman pataje ak machin yo ant chak itilizasyon.
 - Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas ak ekipman moun pataje ak touche souvan yo epi yo ta dwe egzije anplwaye yo ak ankouraje kliyan yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.

- Pati Responsab yo dwe asire ke gen ase anlwaye ki disponib pou "siye" (sa vle di, netwaye ak dezenfekte) ekipman ant itilizatè yo, men Pati Responsab yo ka egzije pou kliyan yo siye ekipman anvan ak/oswa apre chak itilizasyon.
- Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman lokasyon yo (eg, soulye kranpon yo, tapi yoga) netwaye ak dezenfekte ant itilizasyon yo.
- Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon vestyè yo ak twalèt yo regilyèman. Vestyè yo ak twalèt yo dwe netwaye ak dezenfekte omwen chak de zèd tan, oswa pi souvan tou depan sou de frekans yo itilize yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe asire ke estasyon pataje yo (egzanp, biwo kontwòl yo) yo netwaye ak dezenfekte yo ant itilizasyon pou chak anlwaye diferan.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte ekipman an regilyèman (egzanp, ant itilizasyon pa chak kliyan) lè yo sèvi avèk dezenfektan legal yo. Sèvi avèk lis pwodui Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
- Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman, Pati Responsab yo dwe fèmen ekipman sa, mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize, founi gan ki ka jete ak/oswa etabli limit sou kantite moun k'ap itilize ekipman sa a.
- Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo si gen yon ka kote yon moun konfime li pozitif pou COVID-19, yon netwayaj ak dezenfeksyon konsa dwe genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egzanp ekipman kondisyònman fizik, machin yo, ranp yo, biwo kontwòl yo).
- Enstriksyon CDC sou "Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 jan sa ye anba a:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi zòn nan fin netwaye ak dezenfekte kòm sadwa, yo kapab reouvè l pou itilizasyon.
 - Moun ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn lan imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Refere nou a "Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou kontak "tou pre oswa pwòch yo.
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize sant jimnastik oswa sant kondisyònman fizik la, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.

- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje ant anplwaye yo (egzanp, sèvi tèt yo manje ak bwason), ankouraje anplwaye yo pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan y'ap manje repa yo.

D. Re-ouvèti pa Faz

- Nou ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou pwoblèm fonksyonman yo

kapab rezoud anvan pwodiksyon an oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, lè, ak nonb kliyan y'ap sèvi lè premye re-ouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman an.

E. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime yo li ak konprann rekòmandasyon eta a pibliye pou endistri a, epi y ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye ak kliyan yo ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen pou bay anplwaye ak vizitè yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imel, ak media sosyal.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje moun yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH yo sou itilizasyon PPE, sitou nan zafè kouvri figi, gras a kominikasyon pale ak panno.
- Pati Responsab yo ta dwe afiche siyalizasyon anndan tankou deyò sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik pou raple anplwaye ak kliyan yo pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon.

III. PWOSESIS

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe mete sou pye pratik depistaj obligatwa chak jou pou anplwaye, kliyan yo, epi lè sa posib, pou antrepriz ak founisè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou pèsònèl livrezon an.
- Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan moun yo prezante nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
- Depista ta dwe kowòdone pou anpeche moun yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
- O minimòm, tès depistaj yo dwe obligatwa pou tout anplwaye yo, kliyan yo, epi, kote sa posib, antrepriz yo ak founisè yo, epi yo dwe ranpli li lè yo sèvi avèk yon kesyonè ki detèmine si moun nan:
 - (a) konnen li te an kontak sere nan 14 dènye jou yo avèk yon moun ki te gen tès COVID-19 pozitif oswa ki te gen sentòm COVID-19;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la atravè yon tès dyagnostik nan 14 jou pase yo;
 - (c) te gen nenpòt ki sentòm COVID-19 nan 14 dènye jou yo; epi

(d) te vwayaje nan yon eta ki gen gwo pwopagasyon kominotè COVID-19 pandan plis pase 24 èdtan nan 14 dènye jou yo.

- Refere nou a enstwiksyon CDC pase nan "[Sentom Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) yo pou kapab jwenn dènye enfòmasyon sou sentom ki asosye ak COVID-19 yo.
- Gade [konsèy vwayaj](#) DOH la pou enfòmasyon ki pi resan sou eta yo ki gen gwo pwopagasyon COVID-19 ak egzijans karantèn yo.
- Pratik Depistaj yo enkli:
 - Si konfigirasyon espas ak batiman pèmèt, depiste moun yo ki nan oswa tou pre antre batiman an pou minimize enpak la nan ka ta gen yon ka sispèk oswa konfime COVID-19 la.
 - Pèmèt distans sosyal adekwa pandan ke moun yo nan liy pou tès depistaj ak/oswa nan antre batiman an.
 - Admèt sèlman moun ki te fè tès depistaj swa adistans oswa lè yo rive.
 - Si yo fè tchèk tanperati yo, itilize kamera tèmik san kontak yo nan antre batiman yo pou idantifye moun ki kapab gen sentòm yo epi menmen yo nan yon zòn tès depistaj segondè pou konplete yon tès depistaj swivi. Si li pa posib oswa si li pa fezab, yo ka fè yon tchèk tanperati lè yo sèvi avèk tèmomèt san kontak yo.
- Pati Responsab yo dwe egzije anlwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis kesyonè depistaj la, yo gen dwa fè kontwòl tanperati tou dapre rekòmandasyon Komisyon sou Opòtinite Anplwa Egal la (Equal Employment Opportunity Commission) oswa rekòmandasyon DOH yo. Yo entèdi Pati Responsab kenbe dosye enfòmasyon sou sante anlwaye yo (egzanp, done tanperati espesifik yon moun), men yo pèmèt yo kenbe dosye ki konfime moun yo te fè tès depistaj epi rezilta tès depistaj sa yo (eg, reyisi/echwe, otorize/pa otorize).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalman de ekspozisyon a moun yo ki enfekte k'ap antre nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la. Manm pèsònèl la k'ap fè aktivite depistaj yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen.
- Moun k'ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon kouvèti vizaj oswa mask ki akseptab, epi sa gen dwa gen ladan gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi.
- Yon moun ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo dwe pa gen aksè pou antre nan etablisman an epi yo dwe voye anlwaye ki teste pozitif la lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès.
 - Pati Responsab yo ta dwe bay anlwaye a enfòmasyon adistans sou swen sante ak resous pou teste.
 - Pati Responsab yo dwe notifye imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 la.

- Antite ki Responsab yo ta dwe refere yo "Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou anplwaye ki ap chèche tounen nan travay yo apre yon ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke anplwaye a te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke moun yo dwe enfòm si pita yo santi sentom ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
 - Pwen kontak yo idantifye a pou sant jimnastik ak sant kondisyonman fizik la dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosede netwaye ak dezenfekte ki ale ak sa yo.
- Pati Responsab yo dwe deziye yon espas sekirite minè kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè plan sekirite espas la.
- Pati Responsab yo dwe kenbe yon rejis tout tan pou chak moun, enkli travayè yo, kliyan yo, epi kote sa posib, kontraktè yo, founisè yo ki ka gen kontak sere oswa pwòch ak lòt moun nan espas oswa zòn nan; san konte livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak yo. Journal la dwe gen ladan enfòmasyon kontak, ki gen ladan non konpèl adrès, ak nimewo telefòn chak moun, pou ke yo ka idantifye, trase, ak avize tout kontak sa yo pou si gen yon ka COVID-19 ki pozitif.
 - Pwosesis siyen an ka fèt atravè nenpòt ki mwayen ke Pati Responsab yo etabli pou kolekte enfòmasyon kontak ki pi wo a, ki gen ladan men pa limite a yon aplikasyon dijital, lektè kòd, lektè kat manyetik, ak/oswa fòm milè papye.
 - Pati Responsab yo dwe kenbe yon dosye done sinyati ki mansyone pi wo a pou yon peryòd 28 jou epi rann done sa yo disponib pou depatman sante eta a lokal yo sou demand.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye nan sit yo a mete yo okouran de nenpòt rezilta tèst COVID-19 pozitif pa yon moun nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik pa yo.
- Nan ka yon moun teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante eta ak lokal jan sa egzije pou trase tout kontak nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la epi alète depatman sante eta ak lokal yo de tout moun ki te antre nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la nan dat 48 èdtan avan travayè a te kòmanse santi sentom COVID-19 la oswa teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
 - Nan ka yon moun ki montre sentòm pandan li nan sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la, Pati ki Responsab yo dwe notifiye anplwaye yo nan zòn ki ozalantou a yo oswa ki te ka te afekte imedyatman avèk enfòmasyon sou kote moun nan te ye nan tout sant jimnastik oswa sant kondisyonman fizik la epi avize yo si moun nan ki gen sentòm yo teste pozitif.
- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou deplasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.

- Anplwaye ke yo alète ki te an kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.

IV. PLAN PATWON AN

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Pou direktiv jeneral sou evalye risk, pwomote konpòtman ki diminye pwopagasyon, kenbe operasyon ak anviwònman ki an sante, ak prepare pou lè yon moun vin malad, al gade "Patwon Sant Jimnastik ak Kondisyònman Fizik yo" ki soti nan CDCD a.

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>